




THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY
12234

Jhone M. Ebert, Senior Deputy Commissioner for Education Policy
Education Building, Room 2M EB (518) 474-3862
89 Washington Avenue
Albany, NY 12234
jhone.ebert@nysed.gov

27 fevriye 2017

Atansyon: Sipè-Entandan Distri yo
Sipè-Entandan Lekòl Piblik yo
Direktè Lekòl Piblik yo
Administratè Lekòl ki Pa Piblik ak Charter Schools (Lekòl Endepandan) yo

Yon Mesaj: Jhone M. Ebert, Komisyonè Adjwen Prensipal 

Sijè: Direktiv ak Resous ki Disponib pou Konbat Asèlman, Entimidasyon ak Diskriminasyon nan Lekòl yo pa Rapò ak Mezi Resan yo pran yo ki gen Rapò ak Imigrasyon

Nan semèn ki sot pase yo, gen repòtaj ki fèt nan nouvel yo, sou ensidan entimidasyon, diskriminasyon ak asèlman ki pase nan lekòl nan tout peyi a. Anplis, gen kèk mezi resan ki gen rapò ak imigrasyon ke fonksyonè federal yo pran ki kreye laperèz ak konfizyon nan tout peyi a. Depatman Edikasyon Eta New York (“NYSED” oswa “Depatman an”) konsidere seryezman tout mezi ki deranje klima lekòl la kote elèv nou yo vini pou yo aprann chak jou. Nan Eta New York la, avoka yo, paran yo ak pèsònèl lekòl yo te mande Depatman an pou l elaji epi konsolide direktiv ak resous ki egziste yo pou konbat asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon, epitou pou ranfòse efò pou etabli ak konsève yon klima pozitif nan lekòl yo annakò avèk Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (“DASA” oswa “Lwa sou Diyite a”).

Lwa sou Diyite Eta New York la te pwomilge nan lane 2012 pou bay elèv yo yon anviwònman san danje e ki ankourajan, san diskriminasyon, san asèlman, ak san entimidasyon anndan enstalasyon lekòl la, nan otobis lekòl epi/oswa nan yon aktivite eskolè, epi yo te amande lwa sa a nan lane 2013 pou li enkli entimidasyon vityèl (elektwonik)¹. Lwa a egzije lekòl yo bay elèv yo, moun ki jwe wòl paran yo ak pèsònèl yo enfòmasyon sou DASA epi devlope politik ak pwosedi ki egzije yon anviwònman eskolè ki san danje. Espesifikman, DASA egzije distri lekòl yo pou yo devlope Kòd Konpòtman ki entèdi asèlman, entimidasyon (ki gen ladann entimidasyon vityèl [elektwonik]), ak diskriminasyon kont elèv ke lòt elèv oswa anplwaye lekòl yo fè, ansanm avèk dispozisyon pou adrese ensidan diskriminasyon ak asèlman epi pou rapòte ensidan sa yo bay NYSED.

¹ Pou jwenn direktiv ak resous adisyonèl sou Lwa sou Diyite a, tanpri ale nan, <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/>.

Jan sa dekri pi ba la a, NYSED, ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (“OAG”), pibliye direktiv ak resous pou ede pèsonèl lekòl yo, elèv ak paran yo rapòte epi adrese ensidan asèlman, entimidasyon ak diskriminasyon yo. Yon dokiman kolektif sou direktiv yo ke NYSED ak OAG pibliye ansanm nan mwa out 2016 la gen ladan l yon modèl fòmilè pou rapòte epi mennen ankèt sou ensidan DASA yo.² Depatman an vle ranfòse travay enpòtan sa a e nan kad sa a, l ap raple lekòl yo ak fanmi yo ke direktiv ak asistans teknik sou DASA ak sou lekòl ki san danje e ki ankourajan, disponib nan Depatman an.

NYSED ankouraje distri yo, paran ak responsab legal yo ki gen kesyon sou DASA, pou yo kontakte NYSED pou direktiv ak asistans teknik sou pwotokòl ak pwosedi investigasyon adekwa ak sou pwosedi ak meyè pratik nan kreyasyon ak konsèvasyon yon anviwònman eskolè ki san danje e ki ankourajan. Ou ka kontakte Depatman an nan:

- Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages, OBEWL) nan (718) 722-2445 oswa obewl@nysed.gov, oswa
- Biwo Sèvis Asistans Elèv la (Office of Student Support Services, SSS) nan (518) 486-6090 oswa studentsupportservices@nysed.gov.

Anplis, moun ki gen kesyon sou DASA epi ki bezwen asistans nan lang ka kontakte Liy Asistans Telefonik pou Paran Rezo Resous Edikasyon Bileng Rejyonal Lengwistik (RBERN) nan, ki sitiye nan Inivèsite New York (“NYU”) la lè yo:

- Ranpli yon fòmilè demann enfòmasyon [la a](#)
- Telefòn: (800) 469-8224
- Faks: (212) 995-4199
- Imèl: nysparenthotline@nyu.edu
- Adrès Postal: NYS ELL Parent Hotline Team
c/o NYS Statewide Language RBERN at NYU MetroCenter
726 Broadway – 5th Floor
New York, NY 10003

Patikilye yo ka ale annapèl tou poutèt yon desizyon distri a pran, selon Lwa sou Edikasyon §310. Lwa sou Edikasyon §310 prevwa ke pati ki konsidere ke yon mezi ke yo pran nan yon reyinyon distri lekòl oswa ke otorite lekòl la pran afekte l, ka ale annapèl bò kote Komisyonè Edikasyon an pou l egzamine mezi a. Enfòmasyon sou kijan pou w ale annapèl disponib nan lang Anglè, Panyòl, Arab, Chinwa (Senplifye), Bengali ak Kreyòl Ayisyen nan: www.counsel.nysed.gov.

Tanpri note ke Depatman an angaje l pou l pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ki pèmèt idantifye elèv yo epi li trete enfòmasyon sa yo jan lwa ak règleman

² Ou ka jwenn direktiv sa a nan <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/SED-AGLtrandGuidance8-31-16.pdf>

aplikab pou kesyon pwoteksyon vi prive yo mande l, sa enkli Lwa federal sou Dwa Edikasyonèl ak Konfidansyalite Vi Prive Fanmi.

Depatman an pral pibliye resous pou paran, responsab legal ak lòt moun ki enterese sou DASA, ke yo mete nan dis lang yo plis pale nan tout Eta New York la.

Anplis, NYSED te idantifye resous ak zouti sa yo ki ka ede pèsonèl lekòl yo, elèv, paran ak kominote yo. Tanpri, itilize resous sa yo depi sa apwopriye, epi mete avèk nou nan efò nou yo pou asire sekirite ak sante tout timoun nan aliyan zouti sa yo ak objektif ak bezwen kominote eskolè ou yo.

- Lèt NYSED ak Pwokirè Jeneral Leta New York bay Sipè-Entandan Distri yo ak Direktiv: <http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/SED-AGLtrandGuidance8-31-16.pdf>
- Adrese Entimidasyon, Asèlman, ak Diskriminasyon nan Lekòl nou yo: http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/PreventBullyingInYourSchool_Nov2016.pdf
- Modèl materyèl fòmasyon pou ede distri lekòl yo nan fòmasyon anplwaye lekòl yo: https://aq.ny.gov/sites/default/files/dasa_training_materials_final_-_8.30.16.pdf
- Lwa sou Diyite pou Tout Elèv, ki gen ladan l yon “Gid Resous ak Pratik ki Pwomèt pou Administratè Lekòl ak Fakiltè (Resource and Promising Practices Guide for School and Administrators & Faculty)” avèk direktiv ak zouti adisyonèl sou kreyasyon lekòl ki san danje epi ki ankourajan: <http://www.p12.nysed.gov/dignityact>
- Resous Lyen Rapid Sant pou Sekirite Lekòl Eta New York pou Ansèyman Tolerans, ak konsèyasyon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki sen: <http://www.nyscfss.org/#!quick-links/c13iz>
- Enfòmasyon NYSED sou Planifikasyon Entèvansyon Dijans nan Lekòl ak Resous Sante Mantal pou Lekòl: <http://www.p12.nysed.gov/sss/ssae/schoolsafety/save/>
- Paj Resous Sante Mantal ak Konsèy ke Sant pou Sante Lekòl Eta New York aktyalize: <https://www.schoolhealthny.com/site/default.aspx?PageType=3&ModuleInstanceID=190&ViewID=7b97f7ed-8e5e-4120-848f-a8b4987d588f&RenderLoc=0&FlexDataID=108&PageID=126>

Yon fwa ankò, n ap di w mèsi pou efò ou fè chak jou pou sipòte elèv, fanmi ak kominote nou yo toupatou nan Eta New York la. Lè nou kanpe ansanm, nou ka asire nou ke elèv ak kominote lekòl nou yo santi ke yo jwenn sekirite ak sipò nan anviwònman lekòl yo. Jan sa toujou ye, tanpri kontakte nou si ou bezwen pale sou sijè enpòtan sa yo oswa si ou vle pataje yon enkyetid ou genyen, lè w rele nan Biwo Sèvis Asistans Elèv la (Office of Student Support Services) nan 518-486-6090, oswa studentsupportservices@nysed.gov oswa Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan 718-722-2445, oswa obewl@nysed.gov.